E Je Yo Te Louvri
E Yo Te Rekonèt Li



Nan Levanjil Sen Lik la, e kòmanse ak chapit 24 la ak trant-. . . vèsè 31 an, oswa m ap di vèsè 30 chapit 24 la.

Epi sa te rive, pandan li te chita bò tab avèk yo, epi *li pran pen, li beni l, li kase* l, *epi li ba yo l.*

Epi je yo te louvri, epi yo te rekonèt li; epi li disparèt devan je yo.

Epi yo di youn lòt: Èske kè *nou pa t ap boule anndan nou, pandan l t ap pale avèk nou sou wout la, epi pandan l t ap eksplike nou ekriti yo?*

2 E ke Seyè a ajoute benediksyon Li. Sijè mwen an t ap, si m ta rele l aswè a: *E Je Yo Te Louvri E Yo Te Rekonèt Li*. Kounye a li fè cho, men mwen swete nou ta jis pran pasyans otan nou kapab, pou jis kèk moman, e m ap eseye prese. Men kounye a nou vle konsidere Pawòl la solanèlman, Pawòl mèveye Bondye a. E n ap priye ke Bondye, nan yon fason, va louvri je nou aswè a.

3 Si Pak se jis yon selebrasyon yon evènman istorik, e sa sèlman, alò nou gen yon ti rezon pou doute, nou gen yon ti rezon pou poze kesyon, paske li pa t ap plis pase yon refleksyon solanèl ki baze sou mo. E si Kris pa t fè pwomès Li te fè yo, alò nou menm tou, nou jis pa t ap gen prèv ke nou genyen an.

4 Men Seyè beni nou an te di, pandan Li te isi a sou tè a: "Talè konsa, epi mond lan p ap wè M ankò." Bon mo *mond* sa la a, soti nan ekspresyon "lòd mond lan, moun yo ki sou tè a." "Mond lan p ap wè M ankò. Poutan nou va wè Mwen, paske M ap avèk nou, menm nan nou, jouk nan fen mond lan." Kounye a, Pawòl sa yo se vre menm jan ak tout lòt Pawòl nou te pale semèn sa a, yo soti nan Bib la, yo jis osi vre menm jan ak tout lòt Pawòl ki nan Bib la. "Talè konsa, epi mond lan p ap wè M ankò. Yo p ap janm gen je yo louvri." Gen moun ki fèt nan mond lan, pa ak volonte Bondye, men pa pwòp chwa egoyis yo, yo pa t ap kwè L si L te kanpe drèt isi a ap pale avè nou aswè a. Sa tris pou di, men Bib la di ke, "Yo te ne nan mond sa, pou kondanasyon sa," Jid, epi apeprè vèsè 3 a.

5 Bon, men pou nou, aswè a, ki vini epi ki kanpe nan sal la, epi antase ansanm nan yon ti bilding cho tankou sa, nou pa janm vini jis pou yo wè nou. Nou vini pou yon bi. E, dapre opinyon pa m, ou vini ak senserite kè w, pou yon mach ki pi pwòch ak Bondye, pou kite isi a, aswè a, yon pi bon moun ke w te ye lè w te antre a. Se sa m te mande nan lapriyè pandan m t ap antre nan pòt la,

aswè a: “Seyè, fè m vin yon pi bon moun lè m ap kite, aswè a, pase jan m ye lè m ap antre.” Kounye a, lè Li . . .

6 Anvan L ale, Li te fè jan de deklarasyon sa yo. Li di: “Sila ki kwè nan Mwen . . . ” Sen Jan, chapit 14, vèsè 7. “Sila ki kwè nan Mwen, zèv ke M fè yo li va fè yo tou; li va fè plis ke sa, paske M pral jwenn Papa M. M ale, epi M retounen ankò.”

7 Kounye a nou pral jwenn zèv Li te fè yo. Zèv Li te fè yo? Li pa t pretann ke Li se yon moun ki gran, Li te jis yon Nonm enb. Li pat pale ak okenn vokabilè wo, Li jis pale tankou yon Nonm òdinè. Li t ap viv nan mitan pòv yo, “rena yo te gen twou, e zwazo yo te gen nich, men Li pa t gen yon kote pou L poze tèt Li.” Li te gen yon sèl rad, ke yo te ba Li, “li te tise tout nèt on sèl pyès, san yon kouti ladan l.”

8 Se poutèt sa yo te parye pou li. Poukisa se te konsa? Paske pwofesi Ansyen Testaman an te dwe akonpli, “Yo te separe rad Mwen yo, yo te tire osò pou rad Mwen.” Alò yo pa t ka fann li nan kouti a, yo te dwe parye pou li, e se te pou akonpli pwofesi Ansyen Testaman an.

9 Men nou pral remake, nan jis kèk moman, kisa L te fè? E mwen kwè, aswè a, se grangou chak grenn nan kè nou, depi pi piti a jouk pi aje a, aswè a, pou wè Jezikri. Se dezi kè m. E poukisa se sa? Si nou pretann pa Lèzekriti . . .

10 Radyo yo fè gwo bri avè l jodi a, televizyon yo difize yo nan emisyon, pyès teyat te prezante ke “Li pa isit la, men Li resisite!”

11 Ebyen, alò, si Li resisite, Bib la di, nan Ebre 13:8: “Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.” Kounye a, men kote sa ye, zanmi m yo. Swa se Laverite, oswa se pa Laverite. Sa, si se pa Laverite, alò Bib la fo, e alò Pawòl yo fo; e alò nou pèdi, e pa gen okenn rezirèksyon pou mò yo, epi nou jis ap pran pòz kwè. Men si se Laverite, alò Li dwe konfime Tèt Li.

12 Si w di dlo sa mouye, mwen pa t janm wè dlo anvan, ou vide l sou mwen, e li pa mouye, alò pawòl ou—ou yo pa vre, men si w vide l sou mwen, epi li mouye, alò pawòl ou yo vre.

13 Si Kris se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan, alò Bib la vrè. Si Li pa menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan, alò Li pa vre. Si Pawòl Bondye yo pa vre, alò Kris pa vre. Alò, si Pawòl Bondye yo pa vre, Bondye pa vre. Men, alò, si Pawòl Bondye a vre, alò Bib la vre, Bondye vre, Kris vre, e nou ta dwe fidèl ak Kòz la. Egzak!

14 Bon, lè Li te sou tè a, Li pa t pretann Li te yon gwo gerisè. Konbyen moun ki konnen Pitit Bondye a pa t janm pretann ke L se yon gerisè? Se egzakteman sa. Li di: “Mwen pa ka fè anyen pou kont Mwen, ke sa Mwen wè Papa a ap fè. Se pa Mwen ki fè zèv yo,” Li di, “se Papa a ki abite nan Mwen. Se Li ki fè zèv yo.” Ki kalite zèv Li te fè?

15 Nou jwenn nan Bib la, kote yon kanmarad ki rele Filip te
sove. Epi li te ale la epi li te jwenn yon zanmi, Nathanaël, byen
lwen, a senkant kilomèt alantou mòn nan. Li te mennen l bay
Jezi. E lè l te jwenn li, li te anba yon pyebwa, ap priye. Epi li di:
"Vini, wè Kilès nou te jwenn: Jezi, moun Nazarèt la, pitit Jozèf
la."

Li di: "Èske ta ka gen yon bon bagay ki soti Nazarèt?"

Li di: "Vin wè."

16 Sa se pi bon prèv mwen konnen. Pa pran pawòl yon lòt moun
pou Sa. Vin, wè pou tèt pa w! Li di: "Vin wè."

17 E lè l te vini, Jezi te kanpe nan liy lan, petèt ap lapriyè pou
moun yo. E lè Filip te rive, ak Natanayèl, Jezi te di: "Men yon
Izrayelit, nan li pa gen okenn riz!"

18 Li di: "Kilè w te konnen m, Rabi?" Sa te fè l sezi. "Ki kote
Ou konnen mwen?"

19 Li di: "Anvan Filip te rele w, lè w te anba pyebwa a, Mwen
te wè w." A senkant kilomèt distans, atravè yon mòn, poutan,
"Mwen te wè w."

20 Sa te montre Kiyès Li te ye. Li te Bondye omniprezan an; pa
jis yon pwofèt, men Bondye Limenm manifeste nan lachè. Se pou
rezon sa Li te ka bay li, lavi L, repran l ankò.

21 Yon jou, yon ti fanm vin pou tire dlo. Jezi pale avè l, epi di l
konsa: "Madanm, pote dlo pou M bwè!"

22 Li di: "Se pa nan koutim nou pou noumenm Jwif yo mande
noumenm, Samariten yo, bagay konsa. Nou pa gen okenn rapò
youn ak lòt."

23 Li di: "Men si w te konnen ak Kiyès ou t ap pale a, ou t ap
mande M pou bwè. Mwen ta pote Dlo pou ou ou pa vin tire isi a."

24 Epi manzè di: "Pwi a fon, Mesye. Ou pa gen anyen pou w tire
dlo a, e ki kote Ou ta ka jwenn Dlo sa."

25 Kisa L t ap fè? Li t ap kontakte lespri l. E lè Li te jwenn kisa
pwoblèm li te ye, pwoblèm li se te ke li t ap viv nan adiltè. Li te
gen senk mari, e l t ap viv ak sizyèm li an.

Epi Jezi di l: "Al chache mari w, epi vin isi a."

Epi li di: "M pa gen okenn mari."

26 Li di: "Non, ou te gen senk, e sa w ap viv kounye a avè l la se
pa pou ou. Kifè, ou byen di."

27 Gade kounye a, Jwif la. Lè Jezi te fè mirak sa pou li, Jwif
devwe, reyèl, vrè Jwif sa a, li te di: "Ou se Pitit Bondye a, Wa
Izrayèl la." Li te konnen ke siy sa yo te sipoze akonpaye Mesi a.

28 E kounye a men yon Samaritèn. Lè mirak sa te fèt sou li, li
di: "Mesye, mwen wè Ou se yon Pwofèt. Nou konnen ke lè Mesi
a vini, Li va di nou bagay sa yo. Men Kilès Ou ye?"

Li di: "Se Mwenmenm Sila k ap pale avè w la."

29 Li kite krich dlo li a, epi li kouri al nan vil la, epi li di: “Vini wè yon Nonm Ki te di m bagay ke m te fè yo. Èske se pa Mesi a menm?” Sètènman.

30 Atravè Lèzekriti nou te ka wè sa, kijan Li te fè bagay ke Papa a te montre L yo. Bib la di, nan Sen Jan, lè yo te poze L kesyon sou poukisa Li pat geri tout moun enfim sa yo, e Li te di: “An verite, an verite, Mwen di nou.” Sen Jan 5:19, “An verite, an verite, Mwen di nou, Pitit la pa ka fè anyen pou kont Li; men sa Li wè Papa a ap fè a, se sa Pitit la fè menm jan an.”

31 Bon, si Kris te resisite pami mò yo, e Li nan mitan nou jodi a, e Li te pwomèt ke menm bagay ke Li te fè yo, ke nou t ap fè yo tou, se swa Laverite, oswa se pa Laverite. Bib la di: “Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.”

32 E, zanmi m yo, mwen jis kontan konnen, jodi a, ke mwen vrèman, ak tout sa ki anndan m, kwè ke Jezikri se Pitit Bondye a. Li te konsevwa epi fèt, yon nesans imakile. Li te soufri anba Pons Pilat; yo te krisifye L, Li te mouri, yo te antere L, Li te resisite twazyèm jou a; epi Li te monte nan Syèl, epi Li chita sou bò dwat Majeste Li. E Sentespri a isi a ap kontinye menm travay ke L te fè lè L te isi a sou tè a. Ala yon bèl panse!

33 Ala yon bèl maten, premye maten rezirèksyon an, premye Pak ki te janm leve sou tè a! Èske nou reyalize ke Pak sa ke n ap selebre a, rezirèksyon Li a, li sèlman montre yon gran Pak k ap vini, lè Li vini sot nan Syèl la? E tout sa ki mouri nan Kris va resisite epi ale avè L. Nou sèlman ap tann, gran Pak sa, k ap vini an. E, jodi a, ala sa bèl, ala yon konsolasyon, ala yon prèv nou genyen, lè Bib la deklare sa, lè omniprezans Li deklare sa, lè Pwisans gerizon Li deklare sa, lè gran Lespri Li deklare sa, lè tout bagay nan lanati deklare sa, Legliz Li deklare sa, kè m deklare sa, kè chak nonm ki ne de nouvo deklare sa, ke, “Jezikri se Pitit Bondye a, e L ap vini ankò! E Li se menm lan kounye a, ‘Yè, jodi a, ak pou tout tan!’” Kounye a remake.

34 Se te nan bèl maten Pak sa. Te gen anpil rimè, anpil pale. Kèk fanm te retounen sot nan tonm lan, epi yo te di yo te wè Zanj nan yon vizyon. E yo te sipoze ke se te yon jadinye; Mari, manman an, paske li te tande yon vwa ki pale dèyè l, epi te di: “Kimoun w ap chache?” E lè Li te vire tounen . . .

35 Manzè te vire, epi l di: “Yo te pote Seyè m lan ale. Mwen pa konnen kote yo mete L. Si Ou konnen, di m kote Li ye, e m pral chache L.”

Li te vire tounen, epi L di: “Mari.”

36 Epi manzè te gade L, epi li di: “Rabouni,” ki vle di, “Mèt!”

37 Li di: “Pa manyen Mwen, paske Mwen poko monte. Men Mwen va monte al jwenn Papa nou, epi al jwenn Papa M, al jwenn Bondye M lan, epi al jwenn Bondye nou an. Men ale, di disip Mwen yo Mwen pral rankontre yo nan Galile.”

38 Kijan sa te sanble yon istwa san sans, sou Nonm sa a ke yo te wè ki anbome a; epi L te mouri, te antere, e se te katriyèm jou a, oswa twazyèm jou a depi L te mouri. Pyè te vin dekouraje, e li te vle al lapèch. De nan yo te di, youn ki rele Kleopas, te di: "Nou pral jis tounen lakay nou, nan Jerizalèm." Epi sou wout yo, yo t ap mache, jou maten sa a, lè Pyè te pran liy lapèch li epi li te pati pou lapèch, de sa yo te sou wout yo, tris. Epi antan yo t ap mache sou wout la, yo t ap di: "Ebyen, m sipoze ke lavi pa vo lapenn pou viv. O, ala nou te kwè ke Li te Mesi a! Kijan Nonm sa a, Ki te resisite mò yo, te ka janm kanpe epi kite gran prèt sa pase L nan rizib? Kijan Nonm sa a, Ki te ka wè vizyon apre vizyon, te ka janm kite yon sòlda Women mete yon moso twal antoure figi L, epi frape L nan tèt Li, epi di: 'Si Ou se yon pwofèt, di nou kimoun ki frape W'? Kijan L te ka rele pou mande mizerikòd, sou kwa a, piske Li te ka menm resisite mò yo?" O, se te yon moman dekourajan!

39 E moman dekourajman sa yo vini pou chak kwayan, pou teste w, epi epwouve w, epi pou wè si ou reyèlman kwè. "Tout pitit gason ki vin jwenn Bondye, dwe epwouve anvan, fòme tankou timoun."

40 Pral gen kèk nan nou isi a aswè a, san dout, ki pral pase nan menm tès sa a. Si nou ta dwe rele yon liy priyè, mwen pa gen okenn lide kimoun ki gen kat pou lapriyè, pa gen lòt moun ki konnen; yo te jis melanje yo tout ansanm, epi yo te remèt yo ba ou. Mwen pral rele yon kote, kèlkeswa kote ki nan lespri m nan moman an. Nou pa ka kenbe ke kèk alafwa. Kèk douzèn, petèt, pral pase nan liy lapriyè a. Tout moun vle vini. Ou ka panse ke Li mete w sou kote, men Li pa fè sa. Li jis ap teste w, jis ap wè si w reyèlman pral kwè L. Vizyon an pa geri; vizyon an sèlman konfime Prezans Li.

41 Mwen te jis chita isi a, ap gade jis kounye a atravè oditwa a. E mwen wè yon—yon zanmi pa m, yon Madam Cox, ki soti laba a nan Kentucky. Li te gen yon gwo kansè nan figi l, kèk semèn de sa, ki te fin manje zòn nan toutotou je li. Li t ap mouri. Madam Wood, bon zanmi m, te rele m nan telefòn, epi li t ap kriye, li di: "Mwen kwè sa pral manje je manman, nan kèk jou." Doktè a te rive manipile l, ak kèk kalite bagay, epi sa te gaye l. Li te nan yon eta terib. M te antre epi m te ofri yon senp, ti priyè, ak yon lafwa ankre, ke sa t ap rive. E men li chita isi a aswè a, pafètman nòmal epi byen; pa menm yon tach nan li ki rete, tout sa geri, sou figi l. Li chita isi a menm devan nou. Gen lòt bò la, ak menm bagay la. Poukisa? Se paske Jezikri te resisite pami mò yo, e Li vivan.

42 Menm Sila ki te ka touche yon lepre, epi te di: "Mwen vle, se pou w pwòp," ka touche yon kansè epi di: "Mwen vle, se pou w pwòp," si Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

43 E pandan Kleopas avèk lòt yo t ap mache ansanm, dekouraje, yo te on jan nan youn nan maten tris sa yo, ki te sanble ke tout

bagay t ap pase mal. Epi toudenkou, Yon Moun te soti, oswa, te vin dèyè yo, te mache pwoche epi te rive jwenn yo. E yo te lwen konnen ke se te Seyè Jezi a! Li te vivan, e anpil moun ki te renmen L pa t konnen sa.

44 E se menm jan l ye jodi a. Gen anpil moun jodi a ki renmen Seyè a, epi ki pa reyalize sa. Ou ta ka pale yo de sa, e poutan yo pa ka rekonèt ke Li vivan pou tout tan, aswè a, ke Li isi a nan legliz sa aswè a, ke Li nan mitan nou, e L ap la jiskaske Li vini nan kò fizik, kòporèl la. "Mwen p ap janm kite w ni abandone w."

45 Epi pandan yo t ap avanse epi kòmanse pale sou wout la, Jezi, mwen vle nou remake premye bagay Jezi te fè, Li te ale tou dwat nan Lekriti, Li di: "O, kè estipid, èske li difisil pou nou kwè sa pwofèt yo te di?" Paske, Li te fèk mande yo: "Poukisa nou tris konsa?"

46 Epi yo di: "Èske se sèlman yon etranje Ou ye? Ou pa konnen ke Jezi, moun Nazarèt, Ke nou te panse se te Mesi a, Liberatè Izrayèl la, èske Ou pa konnen ke se twazyèm jou a menm depi yo te krisifye L? E Li te yon Nonm pwisan nan Pawòl la. Li te yon Pwofèt pwisan, paske anpil mirak ak bagay, Bondye te fè pa mwayen Li. E sa se twazyèm jou a; e la yo te touye L, e yo te antere L, e Li te nan tonm lan. E kèk fanm te vin jwenn nou epi di nou ke Li te resisite pami mò yo. E nou te konnen se te jis yon istwa fou, kifè nou sou wout pou nou retounen."

47 Alò se lè Li kòmanse louvri Pawòl la. O, mwen renmen Pawòl Etènèl Bondye a! Li te kòmanse ale nan Lèzekriti, kòmanse ak Moyiz. Li pa t janm kite anyen kache, Li te ale tou dwat nan Pawòl la!

48 Nenpòt moun Bondye voye, mwen pa fè ka kimoun li ye, l ap rete ak Pawòl Bondye a. Si l pa fè sa, li pa yon vrè sèvitè Bondye.

49 Li te ale dwat nan Pawòl la. E Li te montre, pa Pawòl la, ke Kris ta pral mouri, resisite, epi antre nan Laglwa Li. Kounye a, o, ala yo dwe te pale!

50 Mwen ta renmen fè kèk ti èdtan sa yo pale avè L (èske nou pa ta renmen sa?) sou wout la. Ou di: "Ebyen, Frè Branham, m ta renmen fè sa sèten. M swete m te ka fè l." Ebyen, nou ka fè l kounye a menm. Sa se Li k ap pale avè w, nan kè w. Ou jis pa rekonèt sa.

51 Kounye a remake pandan Li te pwoche bò vil la, aswè t ap apwoche, Li te fè tankou Li te vle kontinye wout Li.

52 Li ta ka fè w sa, tou. Li ta ka fè w panse ke Li pral kontinye wout Li, men Li p ap fè l. Li p ap kontinye wout Li. Li jis vle w envite L.

53 Epi yo di L: "O, jounen an pral fini. Kounye a pa kontinye, men tanpri antre epi rete avèk nou." Jis fè L jan de envitasyon sa, dekouvri kisa k pral rive. Yo di: "Jounen an pral fini kounye

a, Ou mèt vini epi rete avèk nou. Li prèske aswè." Apre sa Li te vire tounen epi Li te antre, nan ti restoran an, ti obèj la.

An Ewòp yo toujou genyen l. Ou manje epi dòmi, epi tout bagay peye nèt nan yon sèl bòdwo, bòdwo otèl ou.

54 E lè Li te antre anndan an avèk yo! Men yon bèl pati. Tout jounen sa, pandan yo t ap pale avè L, Li pa t janm di yon sèl bagay. Poutan, yo te mache avè L epi te pale avè L, anvan, men yo pat rekonèt sa.

55 Kimoun ki te anpeche w fè aksidan sa lòt jou a? Kimoun ki fè bebe sa vin byen? Kimoun ki te peye bòdwo makèt sa pou ou? Se te Li, men ou jis pa rekonèt sa. Kimoun sa ki ba ou sante pou vin legliz la aswè a? Se Li, men ou pa rekonèt sa. O, si nou te ka sèlman fè tankou yo, jis envite L antre!

56 E lè Li antre, antre anndan, fèmen pòt yo, alò Li te fè yon bagay ke okenn lòt nonm pa t ka fè l fason sa. Li te Sila a sèl ki te ka fè sa, paske yo te avè L anvan Krisifiksyon L lan. E Li te pran pen sa, e, jis fason Li te fè l, se te Pwòp fason pa L pou fè l. E je yo te louvri, e yo te konnen ke se te ka Li menm sèlman. Li pa t rete avèk yo trè lontan. Li te disparèt nan je yo, jis nan yon moman. [Frè Branham te klake dwèt li yo—Editè a.]

57 E sou wout yo, yo te jis kouri tounen pi vit ke yo te kapab, ak pye lejè, jis ap kriye laviktwa, pou di yo ke "Seyè a resisite tout bon!" Yo pat retounen pou diskite sou relijyon yo. Yo pa t retounen pou fè istwa sou sa. Men yo jis te konnen Li te leve soti vivan nan lanmò!

58 Kounye a, zanmi, si Jezikri, Pitit Bondye vivan an, apre milnèf san lane de sa, si Bib la se verite, Li di: "Mwen vivan pou tout tan," Li jis vivan isi a menm jan, nan bilding sa aswè a, ke Li te ye nan jou rezirèksyon L la, Li jis nan yon kò.

59 Kèk nan yo te rasanble ansanm. E Li te travèse drèt nan miray yo, te parèt drèt anndan, nan mitan yo, Li te di: "Men, touche M. Gade mak Mwen yo nan men Mwen. Èske yon lespri gen chè ak zo tankou M genyen an?" Li di: "Ban M yon bagay pou M manje." E yo te ba L pwason ak pen. Epi Li te kanpe la epi Li manje l, devan yo, Li di: "Yon espri pa manje tankou nou wè M ap manje a."

60 Kisa Li ye? Li se gran Bondye Jewova vivan sa a ki nan mitan nou aswè a. Li nan mitan kèlkeswa kote de oswa twa reyini: "M ap nan mitan yo."

61 E kounye a men sa m panse. Si Kris ap vini nan oditwa moun sa yo, pandan n ap swe, n ap tann, epi L pral pwouve, nan Pak sa, ke Li vivan, e Li kanpe nan bilding sa aswè a, alò nou gen dwa mande L nenpòt bagay ke L te mouri pou li, epi kwè ke n ap resevwa l. Èske nou kwè ke se Laverite? Sètènman, se sa.

62 Bon, mwen te ka pale avè nou lontan, men yon sèl Pawòl ki soti nan Kris pral vle di plis pase tout pawòl mwen te ka pale; ak yon vwa fatige e kase, yon vwa ki bouke jan l ye a.

63 Epi yon lòt bagay, lè m ap pale, li difisil, paske sa se lakay mwen, pou gen yon reyinyon ki gen siksè ak onksyon Lespri a konsa. Poukisa? Paske sa se lakay mwen. Jezi di ke: "Yon pwofèt, nan pwòp lakay li, nan pwòp peyi li, menm nan pwòp rejyon li." Se jis yon bagay ki rive konsa.

64 Yo te di ke lè Li te ale nan Pwòp lakay Li, yo te di: "Èske se pa pitit gason chapantye a? Èske se pa manman L, Mari, ki isi a avèk nou? Èske se pa tout frè L yo isit la, ak sè L yo? Èske nou pa konnen yo? Nan ki lekòl Li te soti? Nan ki seminè Li te gradye? Ki kalifikasyon Li genyen?" E Li pat vini sot nan okenn lekòl oswa nan okenn seminè, oswa okenn kalifikasyon, men Li soti nan Bondye. Men yo pat ka wè sa. Yo di: "Ki kote Li jwenn sajès sa?"

65 E lè yo te wè L disène panse sa yo de moun yo, lè Pyè te pwoche Li, Li di: "Non w se Simon, non papa w se Jonas," sa te fè l sezi. Kijan Li te fè konnen l?

66 Farizyen yo te kanpe la, epi yo te di: "Li se yon Bèlzeboul. Li se chèf divinò yo. Se yon demon Li ye!"

67 E Jezi di: "Nou di sa kont Mwen, Fis de lòm lan, yo va padonnen nou sa. Men lè Sentespri a vini epi L fè menm bagay la, epi nou di yon sèl mo kont Li, yo p ap janm padonnen nou sa, nan monn sa oswa nan mond k ap vini an." Kifè, se yon bagay danjre. Alò kijan Li te fè konnen? Poukisa Li te di sa? Li te konnen ke siy sa yo t ap sispann jouk dènye jou sa a.

68 E dènye jou sa yo, Li pa t ap jis, pou L vide kolè Li sou yon pèp ki jis. Yo genyen . . . Yo peze nou nan balans lan, epi yo jwenn nou lejè. Tout sa nou panse se gwo moman, pwogram radyo, ki pa sansire, Elvis Presley, Arthur Godfrey, vye blag sal, selebrite nan radyo ak televizyon. Nou rete lakay mèkredi swa, olye n ale nan reyinyon priyè a, pou nou wè jan de tentennad sa yo, epi nou rele tèt nou Kretyen?

69 Epi lè Bondye vide Lespri Li, epi montre siy rezirèksyon Li, nou kondane Sa epi vire do nou. E se peche ki pa ka padone, pou fè sa. Jezi te di: "Pale yon sèl mo kont Sa, sa p ap janm padonnen, nan mond sa a oswa nan mond k ap vini an." Kifè Lespri sa dwe vini nan dènye jou sa yo, pou pwouve ke Pawòl Bondye sa a vre.

70 Epi mwen di, anba otorite Pawòl Bondye a, epi pa sa mwen santi nan pwòp nanm mwen: menm Sentespri sa a (Lespri) isi a menm kounye a nan mitan moun sa yo. Bon, mwen deklare ke Li resisite pami mò yo. Mwen deklare ke Li vivan, vivan pou tout tan. Mwen deklare ke Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan; menm bagay la nan prensip, menm bagay la nan Pwisans; menm lan nan tout bagay, tout eksepte kò fizik Li ki chita sou bò dwat Bondye ak Majeste a, nan Laglwa. Men Sentespri a isi a,

ap travay, ap aji, ap akonpli, ap fè jis egzakteman jan Jezikri te fè l, paske se prèv rezirèksyon Li. Ala yon bèl lè! Kounye a mwen sipoze nou wè kote m kanpe.

71 Kounye a, se pa sèlman ak ti gwoup sa, apeprè yon santèn moun, oswa desan moun isi a nan—nan ti bilding sa a, ki antase isi a aswè a, men mwen te fè deklarasyon sa devan dè milye fwa dè milye, ak dè santèn de milye, mwen te kenbe Bib la nan yon men, epi Koran an nan lòt la, mwen di ke "youn vre, e lòt la fo," epi mwen te bay chak prèt Maometan defi pou vin pwouve, oswa nenpòt lòt, Bouda, oswa kèlkeswa sa l ta ka ye a, kont Koran an, epi kont relijyon yo, men tout moun rete an silans.

72 Men, frè, rezon ki fè mwen fè sa, paske m konnen Redanmtè m lan vivan! E Li se Laverite. Jezikri vivan. Li isi a!

73 Kounye a se pa anyen nan mwenmenm ke m te ka fè, se yon don Bondye. "Kijan w fè sa?" Se jis soumèt tèt ou.

74 Drèt nan bilding sa kounye a gen anpil, anpil Zanj. Ou di: "Èske se konfòm ak Lekriti?" Sa se Bib la. Kite m montre nou. Konbyen Kretyen ki isi a? Leve men nou. Trè byen, nou mèt bese yo. Bib la di ke "Zanj Bondye yo kanpe bò kote sa yo ki gen krentif pou Li." Alò, gen Zanj isi a!

75 Alò Kris te di: "Kèlkeswa kote de oswa twa rasanble nan Non Mwen, Mwen va nan mitan yo." Alò, Li isi a! Sèl bagay li ye, ou pa ka wè L, men pa lafwa nou kwè sa.

76 Mwen ka pwouve nou ke radyo ap pase isi a, tou, vwa. Mwen ka pwouve nou ke imaj ap pase isi a. Li p ap frape *tib* sa isi a; li p ap frape *sa*, kristal sa a, mikwo sa a; li p ap vin non plis sou moso materyèl *sa*, paske li pa t fèt fason sa. Men gen yon moso materyèl ki pral repwodui imaj sa.

77 E Bondye mete kèk nan Legliz la, an premye apot, apre sa pwofèt, anseyan, evanjelis, ak pastè, tout bagay pou pèfeksyonnman Legliz la. Kijan nou ta ka rejte youn, epi di lòt la pa egziste? Bondye fè l, Limenm. Se pa anyen nan mond lan ke jis soumèt tèt ou bay Sentespri a. E Sentespri a pran kontwòl apati de la, e ou pa konn sa w ap fè. Se zèv souvren Sentespri a.

78 Kounye a, zanmi m yo, vil kote m fèt la. E m vle di sa kounye a, anvan m tèmine reyinyon revèy sa yo. Youn nan jou sa yo p ap menm gen yon sann ki rete nan Jeffersonville, p ap rete yon sèl nan Charlestown, p ap rete yon sèl nan Louisville. Mond sa mi pou jijman. Yo gen yon bonm idwojèn kounye a ke Larisi ka tire soti Moskou, fè l ateri sou Katriyèm Ri a, epi pran chak nan izin poud sa yo arebò isi a, epi plonje l swasannkenz pye anba tè a, ak yon sèl bonm. Yon sèl bonm; vennsenk kilomèt kare, li pral fouye yon kratè karant senk mèt pwofondè nan tè a. Men an sou deklanchè a. Revèy la ap kontinye fè tiktak. Li pi ta ke nou panse. Poukisa pou tann jouk tan sa a?

79 Sonje: “Si tabènak terès sa detwi, nou gen youn ki deja ap tann.” Ou pa bezwen pè bonm idwojèn oswa okenn lòt bagay. Toutotan ke w gen Kris nan kè w, sa se pi bon abri kont bonm mwen konnen. Li fèt ak plim; anba zèl Li yo nou va rete. Kifè pa enkyete w pou bagay sa yo, si w se yon Kretyen.

80 Men si w pa yon Kretyen, sètènman ou kanpe nan yon pozisyon tèrib. Ou pa konn nan ki minit kè w pral sispann bat. Bib la di lèzòm ta pral mouri nan dènye jou yo, ak pwoblèm kè: “Kè lèzòm ap febli, laperèz, tan konfizyon, detrès ant nasyon yo.” Gade kisa plis, di fwa plis gason mouri, ke fanm; Bib la pa t janm di kè fanm yo t ap febli, Li di: “Kè gason yo t ap febli.” Se absoliman, pafètman.

81 Lòt jou a nan Oakland, madanm mwen avè m te laba a nan San Francisco, lè gwo tranblemanntè sa a te souke. Epi tè a te kòmanse gwonde epi tranble la a, jiskaske bilding yo te souke, epi chemine yo te tonbe. Gwo boul vapè t ap monte *konsa*, plen lafimen, oubyen swi, oubyen kèlkeswa sa li te ye a, soti nan kote sa yo. Epi moun yo kouri al nan lari yo, ap rele. Mwen te panse: “Kisa sa pral ye lè Seyè a va parèt reyèlman?” Ba alkòl yo, la menm, y ap remete alkòl yo, sou etajè yo, epi y ap vann li. Moun yo antre pou achte l. Nonm lan pa t ap ka vann li si pèsonn pa t achte l. Se vre.

82 Se, nou se koupab yo. Kite m di w, frè. Mwen se yon Ameriken, e mwen renmen peyi m. Men vye nasyon sa a te peze nan balans lan, epi yo te jwenn li lejè. Li ap koule, sèten menm jan mwen se yon minis dèyè platfòm sa aswè a. Kounye a m ap di sa pou m jwenn favè nan men Bondye. M ap di l paske Bondye mete l nan kè m pou m di l. E pi bon bagay pou ou fè se pare pou Vini Seyè a.

83 Kounye a kwè L, gen lafwa nan Li. Kounye a, tout pawòl mwen te ka di, mwen di ankò, pa t ap vle di yon sèl bagay pou sa Jezi ta di. Men èske nou reyalize kote m kanpe, ak gwoup moun sa yo aswè a? Mwen te swa mal entèprete yon bagay, oswa mwen te di Laverite. Kounye a si Jezikri resisite pami mò yo, e, Li te pwomèt, menm bagay Li te fè yo nou t ap fè yo tou, e mwen te deklare, depi lè m te yon ti gason . . .

84 Mwen pa t gen dizwit mwa, mwen panse, men pa plis ke dezan, antouka, lè m te wè premye vizyon m lan. Sa te konsa, tout vi m. Moun yo isi a nan tabènak la, konnen sa. Pandan tout tan m te isi a, pa yon sèl fwa li te janm echwe. E sa p ap janm echwe, paske se Bondye. Sa te fè tou mond lan, yon gran revèy te limen. Kounye a, grasa Bondye, mwen rive nan dezyèm milyon nanm mwen genyen pou Seyè Jezi, drèt nan pwòp reyinyon mwen yo. Dezyèm milyon an, se vre. E jis panse a lòt milyon yo ki te ale yo, Oral Roberts, tout etensèl sa yo ki te limen apati de bagay la, e ki te kontinye, dè milye fwa milye, jouk toupatou nan mond lan gen yon sèl gwo gwo revèy Pwisans Bondye a, k ap bouje. E dyab

la ap lage tout kalite fo bagay, pou kontrekare Li. Men vrè, Pawòl Bondye reyèl la prale tou dwat jis nan fen an. Li p ap janm fayi! "Se mwen menm Seyè a ki te plante l. Mwen va wouze l lajounen kou lannwit, pou kèk moun pa ta ka rache l nan men M."

85 Kounye a, aswè a, mwen deklare ke Kris te leve soti vivan nan lanmò. Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Kounye a, Seyè a beni nou. Si Li fè sa, alò nou ap . . . Si nou kwè sa, Bondye beni nou. Mande L, alò, lè Li vini sou sèn lan. Si Kris parèt isi a sou lestrad sa a! Men yon defi. Si Jezikri, Pitit Bondye a, parèt isi a menm sou lestrad la, epi fè menm bagay ke L te fè lè L te isi a sou tè a, èske n ap kwè L?

86 Gade L, sou wout Emayis la, kijan ti mesye sa yo, te kase . . . Lè Li te kase pen sa, Li te fè yon bagay la ke okenn lòt nonm pa t ka fè. Se te yon bagay ke Kris sèlman te ka fè. E yo te rekonèt sa.

87 Kounye a si L ap fè menm bagay la isi a, ke se Kris sèlman sèl ki ka fè sa; pa kèk fo bagay, men menm bagay ke Li te fè a; alò nou kwè L, resevwa L, gen lafwa nan Li, renmen L, sèvi L.

88 Kite m di w, pa jis fè w manm nan yon legliz kounye a. Sa p ap mache. Ou dwe ne de nouvo. Pa yon eksitasyon emosyonèl; pa kèk ti bagay ou te di: "Ebyen, mwen te rele byen fò. Mwen te pale an lang. Mwen te fè *sesi*," se pa sa. Lè vrèman nan fon kè w, Yon Bagay vini pou chanje w, e ou vin yon nouvo kreyati nan Kris Jezi; ou te resevwa Pèson lan, Kris Jezi; lè ansyen bagay yo mouri, epi nouvo bagay ne de nouvo; ou mete bagay yo annòd, paske ou te fè sa ki mal; ou renmen lènmi ou yo, ou priye pou sa yo ki maltrete ou; se lè sa ou se yon Kretyen. Yo konnen pyebwa a pa fwi li pote.

89 Ke Seyè a beni nou kounye a, pandan n ap bese tèt nou. Mwen pral mande sè a pou l al nan pyano a, pou l jwe dousman, "Gran Doktè a kounye a toupre, Jezi ki gen konpasyon an." E noumenm deyò a, la a, ki gen kat pou lapriyè, avanse toupre pòt la, nou pral kòmanse jis nan yon moman. Annou priye.

90 Papa Beni nou ki nan Syèl la. O, pòv vwa mwen, kat mwa ap pale, mwen jis tèlman fatige nan vwa mwen. Men mwen priye ke Ou va ede m kounye a menm. Isi a pral gen yon lòt evènman enpòtan nan Branham Tabènak la. Isi a pral gen yon lòt temwen ki pral leve nan dènye jou yo, nan Jou Jijman an. Anpil kanpe anndan kou deyò, aswè a, anpil nan yo ap mande tèt yo, anpil ap panse: "Èske se vre, oswa èske se pa vre?"

91 O Papa Etènèl epi Beni, nou priye ke Ou va manifeste lanmou Ou pou nou kounye a, nan parèt isi a epi rann Pawòl Ou vre. Mwen te pale de Pawòl Ou, menm jan Ou te fè l, Oumenm, bay Kleopas ak zanmi l lan, nan ale Emayis. E sou wout nou, Seyè, pandan n ap vwayaje, Ou pale avè nou atravè Pawòl Ou. E kounye a vini nan mitan nou! O Gran Kris, vini nan mitan nou, pwouve ke Pawòl Ou yo se verite, epi manifeste Èt Ou isi a aswè

a. Kòm, nou menm pòv kreyati ki pa diy nou konfese ke nou se pechè e nou pa diy pou bagay sa yo, men nou kwè sa, Seyè. E pa gras nou aksepte li, pa lafwa, ke nou sove, e nou se pitit Ou. Beni nou kounye a, Seyè.

92 Mwen konnen Pawòl Ou vre, lè Ou te pale de "pwofèt la nan pwòp vil li, nan mitan pwòp moun li yo." Men, Seyè, mwen priye, jis pou aswè a, ke Ou va jis bese je gade moun yo, epi manifeste Tèt Ou yon fwa ankò isi a nan vil sa, atravè aksyon Sentespri a. O Bondye Etènèl, beni nou kounye a pandan n ap tann Ou. Epi fè bagay ke Ou te fè anvan Krisifiksyon Ou, epi Jeffersonville p ap gen yon sèl bagay pou l plenyen. Men, nou konnen ke yo pral san yon eskiz nan Jou sa, ke Ou manifeste Tèt Ou. Nan Non Jezi, mwen priye. Amèn.

93 [Pati vid sou kasèt la—Editè a.]. . . se pa pou sa li vle mwen priye. Non, se pa kansè a, paske li geri de sa. Men li vle m priye pou yon pwoblèm do li genyen. Se vre. Se yon pwoblèm nan do l. Èske se vre? Kounye a èske w kwè Li te leve soti vivan nan lanmò? Kounye a gade. Si m pale avè l jis yon tikal pi lontan, petèt yon lòt bagay va di. Mwen pa konnen. Bon, m pa t gen okenn lide ki sa pwoblèm ou te ye. Mwen pa konn kounye a sa l te ye. Ou wè? Men aparèy anrejistreman yo genyen l, ou ka jwenn sa Li te di.

94 Ann pale jis yon minit ankò, pou wè si L ap di m yon lòt bagay. Mwen wè yon madanm ki sanble yon bagay nan jan de. . . Se yon lòt madanm, e l ap priye pou li. E li nan yon jan de enstitisyon oswa yon lopital, se yon jan de. . . se yon kote pou maladi mantal. Se Madison, Indiana. Se—se yon—se yon—yon sè ke w vle lapriyè pou li, ki nan yon enstitisyon. Epi si w kwè ak tout kè w, ak tout sa ki nan ou, Bondye va delivre l, epi L ap geri do w epi fè w refè. Ou kwè sa kounye a? Dakò, vin isi a.

95 Chè Papa ki nan Syèl la, nou priye ke nan Non Jezikri, ke W va geri madanm lan, epi fè l byen. Epi akòde li benediksyon sa a. E mwen priye ke mizerikòd Bondye yo va repoze sou li, epi va geri li, epi ba Ou glwa. Mwen priye nan Non Jezikri. Amèn.

96 Mwen ta ka di sa. Gen yon vibrasyon k ap soti la, soti drèt dèyè *isi a*. Jis yon moman, kanpe la jis yon minit. Mwen te remake Limyè sa te kite w. Gen twòp, twòp moun arebò m isi a. Tout moun ap rale. Men mwen wè Sa ap deplase vin jwenn ou. Se yon moun ki. . . Ou gen—gen yon operasyon pou fanm k ap vini. Se vre. Mwen te wè de ou twa moun parèt, epi Limyè a te deplase jis la a nan fon an epi li te frape moun ki te kanpe jis la a nan fon. Se yo k ap priye pou sa. Ou wè? Se vre. E ou genyen, se yon kondisyon yon dam ki gen yon operasyon pou fanm. Se vre. Kounye a ale epi resevwa gerizon w, epi Seyè Bondye a te fè w byen. Amèn.

97 Èske w ta vle vini? Dam lan, èske w kwè nan Seyè Jezi? [Sè a di: "Wi, mesye."—Editè a.] Èske w kwè ke Li te leve soti vivan nan lanmò? Kounye a, pou m konnen w, mwen pa konnen w. Mwen te

ka wè w si w sot bò isi a. Mwen pa konnen. Moun yo vini epi ale, mwen pa bò tabènak la isi a ase pou m konnen. Men, ou menm, se nan vil la ou soti? ["Wi."] Se nan vil la ou soti. Trè byen, alò, men mwen pa konnen w. Men Kris konnen w. Men si Li revele m, pandan m kanpe isi a, poukisa ou isi a, èske w ap kwè sa epi aksepte sa? E ou konnen mwen pa konnen poukisa ou isi a, m pa gen okenn lide. Sèl bagay, ou ta ka wè m nan vil la, oswa yon bagay, oswa—oswa yon bagay. Mwen pa konnen. Sa depann de Bondye pou—pou konnen sa.

98 Drèt dèyè a la, ou vle refè pou pwoblèm entesten sa ou te genyen an? Èske w kwè Seyè Jezi a pral geri w? Si w kwè sa, ou ka genyen l.

99 Yon lòt moun gen yon move konte san; li chita dèyè a la, mwen wè yo pran l. Kwè mwen. Èske w kwè Seyè a pral geri w? Trè byen. Èske w kwè ak tout kè w? Alò ou ka resevwa gerizon w, Bondye sot geri w kounye a menm. Ou te manyen L. Ou pa t janm manyen m, ou a trant pye distans de mwen. Amèn.

100 Kounye a èske nou kwè Li te leve soti vivan nan lanmò? Jis gade, epi viv, kounye a pandan liy lan ap avanse. O, sa tèlman difisil isi a nan Jeffersonville! Ou . . . Epi yon foul konsa toutotou w, tout moun! Jezi te pran yon nonm nan men, epi Li te kondwi l deyò vil la, yon fwa.

101 Kounye a gade nan direksyon sa, sè, jis yon moman. Kwè ke Seyè Jezi a prezan pou ede w. W ap soufri ak yon pwoblèm rektal, epi yon doktè te egzamine w. E li te di w se te emowoyid. Mwen wè w tou ap eseye deplase nan kay la, epi w ap mache tou dousman. Ou gen atrit. Sa se ENSI DI SEYÈ A. Doktè a te di ke yo dwe opere w. Se egzakteman sa. E mwen wè li siyen ti kat sa la nan biwo l la: Rebekah Baker, 509 Graham Street. Se egzakteman sa. Se nan biwo li, nan dosye a. Se vre. Èske w kwè? [Sè a di: "Wi, mesye."—Editè a.] Alò ou ka resevwa gerizon w. Nan Non Seyè Jezikri, se pou fanm sa resevwa gerizon li. Amèn. Bondye beni w, madam. Ale, kwè kounye a. Gen lafwa nan Bondye.

Si w te ka sèlman reyalize Prezans Seyè a!

102 Kounye a dam lan ki kanpe isi a, pou w ta ka . . . Mwen pa konnen w, dapre sa mwen konnen. Ou pa konnen m, e mwen pa konnen ou. Èske se vre? Trè byen. Alò ou se yon moun ki pa konnen m, e mwen pa konnen yo. E m pat konn lòt dam lan. Men dam sa se yon etranje total, dapre sa mwen konnen. Si se vre, leve men w, madam. Se premye fwa, nou janm rankontre nan lavi.

103 Men yon fanm ak yon nonm. Jis yon bèl imaj Sen Jan 4, kote yon fanm ak yon Nonm te rankontre; e fanm lan te yon Samaritèn, Jezi te yon Jwif. Epi yo te kòmanse pale youn ak lòt, e Jezi te revele sekrè kè l epi fè l konnen kote pwoblèm li te ye. Kounye a, si Li se menm Jezi jodi a, Li ka fè menm zèv la jodi a.

104 Si fanm sa leve men l bay Bondye, pa pou l fè sèman (paske, nou pa kwè nan fè sa), jis leve men l anlè ak senserite, avèk pa m

lan, ke nou pa t janm wè youn lòt anvan, epi nou pa konn anyen youn sou lòt. Èske w vle leve men w, madam? Men ni. Li pat janm wè m, oswa mwen pat janm wè l, e li se yon etranje total. Kounye a si gen . . .

105 Prezans Seyè Jezi a isi a. Si fanm lan malad, mwen pa t ap ka geri l. Li deja geri; Kris te geri l lè Li te mouri pou li. Èske w kwè sa? Men si Li te kanpe isi a kounye a, avèk . . . nan kote m kanpe a, e Li t ap, te ka revele li, oswa fè yon bagay pou fè lafwa li monte pou l reponn! Kounye a, li ta ka kanpe isi a pou pwoblèm finans. Li ta ka kanpe isi a pou pwoblèm nan fwaye. Li ta ka kanpe isit la, ap mouri ak yon kansè. Li ta ka kanpe isit la ak Tibèkiloz. Mwen pa konnen. Mwen pa ka di nou.

106 E kounye a si nou vle mete tèt nou nan plas mwen, vin isi a epi pran plas mwen, nou byenvini. [Frè Branham fè yon poz—Editè a.] Sètènman. Nitou mwen pa konnen, mwen pa t ap fè l non plis. Men Bondye nan Syèl la konnen. Èske nou ka konprann kounye a?

107 E si Kris ap fè menm bagay la isi a, Verite enfayib la, tankou Li te leve soti vivan nan lanmò, e Li te pwouve ke Li se menm Jezi ki te pale ak fanm nan pi a, konbyen isi a ki di: "Mwen pral resevwa L kounye a menm kòm Gerisè mwen, oswa kèlkeswa sa m bezwen"? Leve men w, di: "M ap resevwa L si L fè sa."

108 Madanm lan ak men l anlè, nou pa t janm rankontre. Ke Seyè a akòde li, se priyè mwen. Kounye a dam lan sanble l ap elwaye de mwen; si oditwa a ka tande vwa m. Mwen wè yon moun kanpe. Se pa pou tèt li, tèlman. L ap priye pou yon lòt moun, e se yon dam ki aje. Se pou manman l, l ap priye. Se vre. Li te gen ti atak kè, tankou ti batman kè. Li pa ka dòmi lannwit. Èske se pa vre? Leve men w si se vre. E dam sa pa soti nan peyi sa. Dam sa soti lwen isi a. Dam sa soti Georgia. Se egzakteman sa. E ou soti Georgia. E ou vle lapriyè pou je w, tou. Ou pral avèg nan je w. E se vre. Èske w kwè Bondye ap geri w? Si se vre, leve men w. Dakò.

109 Kounye a èske w kwè? Kounye a gen lafwa nan Bondye. Pandan m ap priye pou li, noumenm ki nan sal la priye pou tèt nou, epi kwè Bondye. Li isi a, omniprezan.

Vin isi a, sè.

110 Sovè Beni, mwen priye ke, nan Non Kris, ke Ou va akòde fanm sa a dezi li. Ke Pwisans Bondye Toupwisan an repoze sou li, e ke li geri epi jwenn tout sa l te mande a. Mwen priye pou benediksyon sa nan Non Jezi. Amèn.

111 Kounye a ale, rejwi, epi kè kontan. Epi kwè, sè, epi vin byen. Dakò.

112 Mwen pa sèten, men mwen kwè mwen konnen fanm sa. Mwen kwè ou soti nan Georgetown, paske mwen se . . . Èske w pa fanmi Frè Arganbright? Natirèlman, onksyon sa a la, li diferan. Ou reyalize ke gen yon diferans kounye a menm. Lè m pale avè w yon

lòt kote; li diferan kounye a. Ou te santi tankou yon vrè sansasyon agreyab. Se Sentespri a. Ou pa isit la pou tèt ou. Ou isi a pou yon lòt moun, e sa se yon ti fi apeprè kat oswa senk an. Li gen pwoblèm ren, e l ap viv nan nò Indiana. Se vre. Sa ke w gen nan men w lan, voye l ba li, epi l ap vin byen. Kwè ak tout kè w kounye a, epi resevwa sa w te mande a, nan Non Kris.

"Si w ka kwè, tout bagay posib!"

113 Men yon dam ki se yon etranje pou mwen. Mwen pa konnen w, mwen pa janm wè w nan vi m. Nou se etranje youn pou lòt, ak anpil ane diferans; petèt anpil, nou fèt ak anpil kilomèt diferans. Mwen pa konnen w, mwen pa t janm wè w. Men Jezikri konnen w.

114 Yon bagay te rive nan oditwa a; yon nonm te parèt bò kote mwen. Men li chita, isit la menm, èni nan lonbrit. Èske w kwè, mesye? [Frè a di: "Wi."—Editè a.] Alò Kris geri w epi fè w byen! Amèn.

115 Se fason sa a pou fè l, kwè! Kisa l te manyen? Mwen pa janm wè nonm lan; men li te geri la menm. Li te touche Seyè Jezi a Ki prezan isi a. Wete enkredilite sa nan ou! Bliye mwen se William Branham. Gade Jezikri, Li se Sila ki isit la. Mwen bay lafwa nou defi, nan Non Kris, pou bliye m; epi kwè ke sa se Seyè Jezi isi a, epi wè kisa k pral rive. M pa bezwen konnen kote w ye nan bilding lan.

116 Kounye a men yon ti fanm. Mwen pa t janm wè l. Li pi gran pase mwen. Li, mwen pa konnen kimoun li ye, ki kote li soti, anyen sou li. Mwen se yon etranje pafè pou li. Men Kris konnen l.

117 Si Li revele m poukisa ou isi a, èske w ap resevwa sa epi kwè sa? [Sè a di: "Sèten."—Editè a.] Ou te gen yon sansasyon dwòl kèk minit de sa, lè m te di yon bagay, se pa sa? Se te sè w ki nan yon lopital pou moun fou nan Madison, Indiana. Se egzak. Paske, yon lòt fanm te kanpe la, e ou te kanpe la ap gade drèt nan direksyon sa. Epi vizyon an, ou te kwè lè w te avanse. Se egzakteman sa. Se sa k te pwodwi sa. E rezon ki fè ou isi a aswè a, se paske ou gen yon pwoblèm kè. Ou fèk fè yon atak kè. Se egzakteman sa. E mwen wè kounye a, pandan mwen gade nan yon vizyon, rejyon vale sa. Ou soti yon kote isi a nan sid Indiana. Ou soti toupre Koridon, se la ou soti. Retounen lakay ou, ou byen. Jezikri fè w vin byen. Sa se ENSI DI SEYÈ A.

118 Gen lafwa, epi kwè. Pa doute. Jis kwè sèlman. Èske nou ka rekonèt omniprezans Seyè Jezi a? Ala mèveye! Kisa k pwoblèm lan?

119 Bò isi a nan kwen an, mwen wè yon vizyon. Doktè a pa konnen si se kansè oswa Tibèkiloz. Se vre. Men si w kwè li, ou geri, tout jan. Lafwa w sove w, madanm.

120 Men ni. Omniprezans Bondye vivan an! Mwen bay lafwa ou defi. "Si w ka kwè!" Kounye a, Li leve soti vivan nan lanmò. Li isi a avèk nou. Se Li sa! Se menm bagay sa yo Li te fè lè L te isi a sou tè a. De mil an pase, Li toujou vivan, e Li vivan pou tout tan. Jis kwè, gen lafwa.

121 Mwen pa konnen w, madam. Mwen pat janm wè w nan vi m, m pa konn anyen sou ou. Se vre, se pa vre? Jezikri konnen w. Si Bondye va revele m poukisa ou isi a, èske w ap kwè L, epi kwè mwen se pwofèt Li? Si L fè sa, ou va konnen gen Yon Bagay ki wenn mwen. Ou ta dwe konnen se Sa. Kounye a si m te di: "M pral poze men m sou ou, se pou w geri," ou t ap gen dwa doute sa. Men si Bondye di m yon bagay ke w konnen se laverite, alò ou konnen si sa se laverite oswa non. Èske se vre? [Sè a di: "Se vre."—Editè a.] Se yon pwoblèm fanm. Yo te opere w, mwen wè w ap soti sou tab operasyon an, ak yon bagay blan sou figi w, men sa pat reyisi. Se vre. Men, dyab sa te kache devan doktè a, men li pa ka kache devan Bondye. Al lakay ou, epi vin byen, madam, Jezikri te geri w epi te fè w vin byen.

Si w ka kwè!

122 Mwen se yon etranje pou ou, madam. Èske w kwè Jezikri, Pitit Bondye a, isi a? Èske w kwè L ap fè w vin byen? Dyabèt pa anyen, pou Bondye geri. Èske w kwè L ap fè w vin byen? Alò al lakay ou epi resevwa gerizon w, nan Non Jezikri, Pitit Bondye a. Amèn.

Vini, ti madam. Èske w kwè?

123 Kounye a sispann panse sa la a! Se pa yon telepati. Ou pa ka chape avè l kounye a! Kite m montre w:

124 M pa konn fanm sa. Poze men w sou pa m, madam. Si Bondye revele m ki pwoblèm ou genyen, m ap gade nan direksyon *sa*, ou konnen m p ap li panse w, si Bondye revele m ki pwoblèm ou genyen, èske w ap kwè Jezikri se Pitit Bondye a, e mwen se sèvitè Li? Si w kwè l, leve men w anlè. Ou gen yon pwoblèm fanm, pwoblèm yon dam. Se vre. Ou te genyen l; ou pa genyen l kounye a. Ou geri. Al fè wout ou, epi rejwi epi gen kè kontan.

125 Vini, mesye. Vye pwoblèm ren sa, ak yon bagay k ap deranje w. Èske w kwè Bondye ap fè w vin byen? [Frè a di: "Wi."—Editè a.] Geri w de sa? Alò, nan Non Jezikri, resevwa gerizon w, epi kontinye al fè wout ou, ap rejwi. Amèn. Bondye beni w, frè.

Kwè!

126 Kijan w ye, madam? Èske w pa ta renmen al, manje yon bon repa ankò tankou w te konn abitye fè l? Ou te tout nève, pa vre? Sa te lakòz yon ilsè nan lestomak ou. Ale, pran yon anmbègè pou ou epi manje l, Jezikri geri w. Kontinye al fè wout ou, ap rejwi.

127 "Si w ka kwè!" Gen lafwa nan Bondye. Èske ou kwè? Kris vivan, omnipotan an prezan isi a kounye a, pou geri chak moun isi a.

128 Jis yon moman. Jis nan fen ranje a, chita isit la menm, gen yon jèn gason ki chita la. Lafwa w pi gran pase w te panse w te genyen, pitit gason. Ou te gen yon pwoblèm kè, pa vre? Si se vre, leve kanpe sou pye w. Jezikri geri w, pitit gason. Ou byen. Kontinye al fè wout ou, epi rete anfòm.

129 Èske nou kwè L? Gen lafwa nan Bondye.

130 Men yon nonm mwen pa konnen. Nou se etranje youn pou lòt. Mwen kwè ke nonm sa te batize maten an. Men mwen pa konnen ou, mwen pa gen okenn lide sou ou. Èske se vre? Si Jezikri revele m poukisa ou isi a, èske w ap aksepte li?

131 Konbyen moun nan oditwa a ki pral resevwa sa kounye a menm? "Si w ka kwè!" Jis gen lafwa. Pa doute.

132 Nonm lan gen yon pwoblèm po. Se vre. E mwen wè w ap vin . . . Se yon pwoblèm pwostat, tou. Se vre. Si se sa, balanse men w. E m wè yon bagay nwa kanpe ant oumenm ak yon fanm; se madanm ou. W ap priye pou li. Li se yon pechè, e ou vle li vin yon Kretyèn. Sa se ENSI DI SEYÈ A. Se vre. Ale, poze men w sou li, epi priye pou li, ke Bondye nan Syèl la va revele enpòtans bagay sa yo ki reyèl.

133 Èske w kwè? Èske w kwè ke Bondye pral fè l? "Si w ka kwè!" Mwen bay lafwa w defi. Byen lwen dèyè a, kèlkeswa kote w ye a, gade epi viv! Mete lafwa nan Bondye, kèlkeswa kote w ye a. "Si w ka kwè, tout bagay posib." Si w ka kwè! Gade, gade nan direksyon sa, priye.

Ou di: "Kisa w ap gade, Frè Branham?"

134 Rebeka, tounen yon ti kras vin bò isi a, cheri. Kanpe drèt kote w ye a. Men ti fi m lan, ki yon jou va yon pwofetès, tou. Dam sa ki kanpe la menm bò kote w la, cheri, ak chapo blan sou li a, l ap soufri ak yon pwoblèm sinis. Leve men w, oswa leve kanpe sou pye w, madam. W ap priye ke Bondye ta rele, kite m rele w. Èske se vre? Kite ti fi m lan poze men l sou ou la.

O Bondye Etènèl, nan Non Jezikri, mwen reprimande demon sa k ap deranje fanm sa. E se pou sa kite l, nan Non Kris. Amèn.

135 O, ke Non Seyè a beni! Ke Seyè Jezi revele Tèt Li, tou. Èske nou kwè Li isi a? Alò kite m di nou, nou chak, kounye a menm, si nou ka kwè l, Jezikri geri nou tout, kounye a menm. Si pawòl mwen yo se vre *isi a*, yo vre *laba a*. Si w fè sa m di w fè a, ou ka geri kounye a menm. Èske w kwè li? Epi mete men nou youn sou lòt. Jis poze men nou youn sou lòt, anndan oswa deyò. Piga nou doute! Mwen te tande yon espri soud kite. Men Li, Kris resisite a!

136 O Bondye Etènèl epi Beni, nan Non Seyè Jezi a, mwen bay chak lespri ki pa pwòp defi, nan Non Kris Seyè a, ke li va kite plas sa, soti nan moun sa yo. E ke gran Sentespri a kounye a batize tout moun isi a, ak gwo lafwa pou kwè.

137 O, Satan, oumenm demon, ou blofe nou ase lontan. Kris te resisite, Li kanpe isi a ak kle lanmò ak lanfè pandye sou kote L. Pwisans gerizon an te peye. E nou kòmande w, nan Non Jezikri, Pitit Bondye vivan an, se pou w kite moun sa yo. Soti nan yo, Satan, pou yo ale epi pou yo geri.

138 Si nou kwè ak tout kè nou, ke Jezikri geri nou, leve kanpe sou pye nou, epi aksepte Pwisans gerizon Divin Bondye Toupwisan an. Se sa! Lwanj pou Seyè a! Se pou Seyè a beni! Nou, chak nou, geri. Kanpe sou pye nou, epi bay Bondye lwanj! Amèn! Se pou Non Seyè a beni! Annou ba L lwanj, pandan n ap leve men nou epi louwe Li. Se pou Pitit Bondye vivan an beni! Amèn!

57-0421E E Je Yo Te Louvri E Yo Te Rekonèt Li
Branham Tabènak
Jeffersonville, Indyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org